



Lis Sa pou Nou Tcheke pou Retou Lekòl la



Enskripsyon

Nou ankouraje fanmi yo pou enskri pitit yo bonè pou evite reta nan pwosesis enskripsyon an. **PREMYE** jou lekòl nan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County se mèkredi 17 out 2022. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://backtoschool.dadeschools.net/>.



Aplikasyon Mobil Dadeschools

Aplikasyon Mobil Dadeschools la se yon aplikasyon ak plizyè fonksyon pou paran. Resevwa enfòmasyon enpòtan tankou orè klas, nòt lekòl, nouvel sou Distri a ak anpil lòt. Telechaje aplikasyon gratis la nan aparèy iPhone oubyen Android ou.



Founiti Klasik

Elèv yo ap bezwen founiti klasik ki nesèsè yo. Paran ta dwe tcheke sit entènèt lekòl pitit yo a oubyen kontakte lekòl la pou lis founiti klasik yo.



Manje

Komisyon Konsèy Lekòl la adopte Pwovizyon Elijibilite Depatman Agrikilti Etazini konsènan manje lekòl yo, ki ap pèmèt M-DCPS sèvi manje maten ak manje midi gratis pou timoun ki enskri nan M-DCPS.



Angajman Fanmi

Chèche konnen pwofesè pitit ou a nan kòmansman ane lekòl la. Mande yon reyinyon an pèsòn oswa sou entènèt avèk yo pou pataje enfòmasyon enpòtan sou pitit ou epi pou mande kijan pou w pi byen sipòte aprantisaj yo lakay. Pwofite patisipe nan atelye fòmasyon “The Parent Academy” (Akademi Paran an) chak semèn sou entènèt oswa andirèk atravè distri a. Ou kapab enskri pou sesyon yo nan www.parentacademymiami.com. Konsidere antre nan yon òganizasyon paran tankou “Parent Teacher Association (PTA)” (Asosyasyon Paran Pwofesè) oswa fè volonte nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon sou PTA, vizite mdcpta.net, e pou chèche konnen ki jan ou ka vin yon volonte lekòl, vizite www.engagemiamidade.net/volunteers.



Liy Enfòmasyon

Liy Prensipal pou Paran Rele: 305-995-2333
Edikasyon Adilt Karyè/Teknik: 305-558-8000
Sèvis Sante Mantal pou elèv/paran: 305-995-7100
Pwojè ‘UP-START’ pou elèv ki pa gen lojman estab: 305-995-7558



Enfòmasyon sou Kontak

M-DCPS gen abilite pou kominike kòrèkteman e avèk efikasite avèk paran atravè mesaj vwa, tèks, ak imèl. Li enpòtan pou lekòl pitit ou a gen enfòmasyon pi ajou sou kontak ou. Paran ka mete enfòmasyon yo ajou lè yo kontakte direktè lekòl pitit yo a. Yo ka chwazi pou resevwa mesaj tèks ijan nan voye mesaj tèks “Y” nan 67587 sou aparèy mobil yo.



Vaksen

Nou ankouraje paran pou yo tcheke dosye vaksen pitit yo pou wè si yo gen vaksen obligatwa yo poko pran pou antre lekòl la. Nou mande pou tout elèv M-DCPS pran vaksen obligatwa pou elèv ki gen laj pou ale lekòl pou ane 2022-2023 a.



Inifòm

Règ sou inifòm yo varye pou chak lekòl e nou ap aplike yo kote sa nesèsè. Kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.



Transpò

Chache konnen enfòmasyon alavans sou wout otobis yo lè w vizite Aplikasyon Mobil Dadeschools la. Si w abite nan distans de (2) kilomèt de lekòl yo asiyen pitit ou a, li ka elijib pou sèvis otobis M-DCPS ki gen sekirite e gratis.



Swen apre lekòl

M-DCPS ofri plizyè pwogram swen apre lekòl. Kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.



Zòn Lekòl yo

Ralanti, rete vijilan epi kanpe pou otobis yo. Obsève limit vitès lekòl la, ki se 15-mph.



Sekirite an Premye

Mande pitit ou a pou l di yon bagay si l wè yon bagay ki parèt sispèk. Yo ka rapòte enfòmasyon yon fason anonim nan 305-995-COPS (2677) oswa sou aplikasyon FortifyFL, ki disponib nan getfortifyfl.com

